



ACCÉSSS

Alliance des Communautés Culturelles pour
l'Égalité dans la Santé et les Services Sociaux

ENSEMBLE DÉTRONONS
LE CANCER DU CÔLON

Eske nou konnen ke kansè nan kolon se dezyèm pi gran kòz yon moun mouri nan kansè nan pwovens Québec la? Bondye fè nou ka agi kont kansè lè nou fè tès depistaj RSOSi (si nou prefere, *FIT* nan lang anglè a). Tès la byen fasil e li pa pran tan.

Nan mwa mas la, mwa pou sensibilizasyon sou kansè nan kolon, kanpay ansanm n ap detwone kansè nan kolon, ke *Société canadienne du cancer* fè, envite moun ki gen senkant a swasantkatòz lane vin pale sou detekte byen bonè kansè a, e pou n al chèche enfòmasyon sou tès depistaj RSOSi nan men yon doktè ou yon enfimyè. Nou ka jwenn aksè menm si nou pas santi sentòm e ke nou pa yon moun ki gen yon gwo risk pou gen kansè nan kolon.

Lè kansè nan kolon detekte e yo trete l byen bonè, chans pou ke trètman an ka reyisi vin ogmante e moun ki ka jwenn viktwa sou kansè sa pou viv rive nan omwen 90 pousan chans. Tès RSOSi pa menm dire de minit lè ou fè l lakay ou. Li senp, li pa anvayisan, li san doulè, li pa bezwen ke nou fè yon preparasyon e RAMQ (*Régie de l'assurance maladie du Québec*) ap peye tout frè yo.

Annou pale de deteksyon byen bonè pou nou ka aji kont kansè nan kolon. Ansanm, nou pral detwone !!

